

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana watesan jeung rumusan masalah, sarta tujuan panalungtikan jeung hasil analisis data ngeunaan campur kode dina nulis karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2012/2013, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- (1) Tina data campur kode nu kapanggih dina karangan éséy siswa, nya éta 482 campur kode anu frekuensina 1027 kali. Ditilik tina wandana, wanda campur kode tina BI (*inner code-mixing*) leuwih onjoy tibatan campur kode tina BA (*outer code-mixing*). Dina campur kode tina BI kapanggih aya 446 campur kode anu frekuensina 869 kali, upama dipersentasekeun aya (84,62 %), sedengkeun dina wanda campur kode tina BA ngan kapanggih aya 36 campur kode anu frekuensina 158 kali, upama dipersentasekeun aya (15,39 %). Ditilik tina sipatna, campur kode murni leuwih onjoy tibatan campur kode serepan. Dina campur kode murni kapanggih aya 476 campur kode anu frekuensina 1011 kali, upama dipersentasekeun aya (98,44 %), sedengkeun dina campur kode serepan ngan kapanggih aya 6 campur kode anu frekuensina 16 kali, upama dipersentasekeun aya (1,56 %).
- (2) Ditilik tina wujudna kapanggih aya tilu wujud campur kode dina karangan éséy siswa nya éta: 1. Seselan unsur nu ngawujud kecap kapanggih aya 360 campur kode anu frekuensina 873 kali, upama dipersentasekeun aya (85,00 %), kabagi kana 139 kecap asal nu frekuensina 443 kali (43,13 %), 122 kecap rundayan nu frekuensina 171 kali (16,65 %), 32 kecap rajékan nu frekuensina 41 kali (3,99%), 55 kecap kantétan nu frekuensina 112 kali (10,90 %), jeung 12 kecap wacahan nu frekuensina 106 kali (10,32 %), 2. Seselan unsur nu ngawujud frasa kapanggih aya 116 campur kode anu frekuensina 148 kali, upama dipersentasekeun aya (14,41 %), kabagi kana 63 frasa barang nu frekuensina 82 kali (7,98 %), 44 frasa pagawéan nu frekuensina 56 kali (5,45 %), 8 frasa sipat nu frekuensina 9 kali (0,78 %), jeung 1 frasa pangantét nu

frekuensina (0,10 %), jeung 3. Seselan unsur nu ngawujud klausa kapanggih aya 6 campur kode anu frekuensina 6 kali, upama dipersentasekeun aya (0,39 %), kabagi kana 6 klausa kauger nu frekuensina 6 kali (0,39 %).

- (3) Faktor-faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode dina karangan éséy siswa di antarana kadwibasaan, lingkungan siswa, jeung situasi komunikasi. Siswa SMK Negeri 15 Bandung (58 %) ngawasa BS jeung BI. Dina lumangsungna kagiatan komunikasi siswa lolobana maké basa campuran boh éta di lingkungan kulawarga, lingkungan sakola, atawa lingkungan masarakat. Salian ti éta dina sababaraha situasai siswa ogé sok ngarasa kagok atawa sieun salah lamun nyarita maké basa Sunda, misalna lamun nyarita jeung guru atawa nyarita jeung jalma anu kakarak wawuh.

## 5.2 Saran

Nilik kana hasil panalungtikan campur kode dina nulis karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung, panalungtik miboga sawatara saran sangkan pangajaran basa Sunda leuwih hadé deui. Saran anu patali jeung ieu panalungtikan nya éta:

- (1) guru bisa ngagunakeun media pikeun ngaminimalkeun ayana campur kode, misalna dina kagitan nulis, siswa dirojong ku kamus;
- (2) guru kudu bisa milih bahan, media, jeung metode pangajaran nu leuwih variatif jeung inovatif deui nu bisa ngahudang minat diajar siswa kana basa Sunda;
- (3) siswa kudu boga karep pikeun diajar maké basa Sunda anu hadé nu saluyu jeung kaédah katata basa;
- (4) perlu diperhatikeun ku urang yén basa téh mangrupa salasahiji produk budaya nu kudu dimumulé, sabab basa mangrupa cicirén bangsa.